# 2 septanm

***(Apot Pòl di)* Paske mwen konnen... m ap montre grandè Kris pandan mwen nan kò mwen, kit se nan lavi mwen, kit se nan lanmò mwen. Paske pou mwen, viv se Kris e mouri se gany.**

Filipyen 1. 19-21

## Pou mwen, viv se Kris

Moun ki fè deklarasyon sa pa t ap viv nan yon palè, li pa t rasazye ak plezi monn sa, ni afeksyon moun pa li yo. Non, apot Pòl nan prizon lavil Wòm, poutèt lafwa li nan Kris. Donk, ki sekrè kontantman sa ak fòs nan nanm li ?

Se pa ni yon relijyon ke li ta fè l manm, ni kèk prensip moral ke li ta respekte ; se yon moun ke li renmen. Men resous nanm li nan mitan soufrans yo. Devan je moun tan pa li yo, lavi li ta sanble yon echèk. Sa pa di l anyen ; li te jwenn nan Jezi repons pou tout sa kè li bezwen.

Eksperyans sa pa la sèlman pou yon elit. Tout moun ki kwè kapab jwenn li. Ak Kris, nou kapab travèse sikonstans lavi sa, kit yo pote lajwa kit yo ta difisil, pandan n ap chèche pou nou fè Bondye sa ke Jezi te fè nou konnen an plezi. Apot Pòl envite nou pou nou viv yon lavi kote Kris se sous li, fòs li, modèl ak objektif li, nan relasyon chak jou nou yo nan lekòl, nan kolèj, ak zanmi oswa kòlèg travay nou yo. Petèt tou anba tèt-chaje, tantasyon, pwoblèm fanmi, maladi, dèy…

Lè nou viv benediksyon prezans Jezi a, se yon eksperyans k ap fèt sou latè. Nan syèl la, lavi nan lafwa va fini. Nan mitan sikonstans ki anfavè nou oswa kont nou, nou gen okazyon pou nou fè grandè moral Kris la briye, pandan n ap pwodui nan mezi ke nou kapab kèk nan karaktè li yo.

49443_BPC_Creol_Inhalt_09 September_v4.indd 5 27.09.16 13:50

# 2 septembre

**Je sais *(dit l'apôtre Paul)* que... Christ sera glorifié dans mon corps, soit par la vie, soit par la mort. Car pour moi, vivre, c'est Christ, et mourir, un gain.**
Philippiens 1. 19-21

## Pour moi, vivre, c'est Christ

L'auteur de cette déclaration ne vit pas dans un palais, il n'est pas comblé par les plaisirs de la vie, ni par l'affection des siens. Non, l'apôtre Paul est prisonnier à Rome, pour sa foi en Christ. Quel est donc le secret de son bonheur et de sa force intérieure ?

Ce n'est ni une religion à laquelle il se serait rallié, ni des règles morales qu'il respecterait ; c'est une personne qu'il aime. Voilà sa ressource intérieure au milieu de ses souffrances. Sa vie peut bien passer pour un échec aux yeux de ses contemporains. Peu lui importe ; il a trouvé en Jésus Christ la réponse à tous les besoins de son cœur.

Cette expérience n'est pas réservée à une élite. Elle est à la portée de tout croyant. Avec Christ nous pouvons traverser les circonstances de la vie, heureuses ou difficiles, en cherchant à plaire au Dieu que Jésus Christ nous a fait connaître. L'apôtre Paul nous invite à vivre une vie dont Christ est la source, la force, le modèle et le but, dans nos relations journalières à l'école, au collège, avec nos amis ou nos collègues de travail. Peut-être aussi au travers du stress, de la tentation, des problèmes de famille, de la maladie, du deuil…

Vivre ainsi ce bonheur de la présence de Jésus est une expérience qui se fait sur la terre. Au ciel, la vie de la foi aura pris fin. Au milieu des circonstances favorables ou adverses, l'occasion nous est donnée de faire briller la grandeur morale de Christ, en reproduisant dans notre petite mesure quelques-uns de ses caractères.

49443_BPC_Creol_Inhalt_09 September_v4.indd 4 27.09.16 13:50